

# Nou fè otobis yo sikile pi rapid



## **Kamera siveyans otomatik**

(Automated Camera Enforcement oswa ACE) se yon pwogram pou fè sèvis otobis yo pi rapid ak san danje nan dekouraje chofè machin pou yo pa bloke liy otobis ak arè otobis yo, ni pou yo pa pake akote yon lòt machin devan otobis yo.

**Lè liy ak arè otobis yo pa bloke** sa fè pasaje otobis yo ka vwayaje pi rapid, wout yo gen plis sekirite e trafik la vanse pi byen pou tout moun.

**Kontravansyon \$50 pou pi piti** pou tout machin ki vyole règleman sou liy otobis ak arè otobis yo.



# Kòman pou evite pran kontravansyon

## Men sa pou Pa fè:

- Pa kondwi, rete oswa pake machin ou nan yon liy otobis
- Pa mete oswa rete machin ou nan arè otobis
- Pa pake akote yon lòt machin sou pakou yon otobis
- Pa rete tann pasaje nan yon arè otobis, nan yon liy otobis oswa pandan ou pake akote yon lòt machin sou pakou yon otobis.

## Men sa ou dwe fè:

- Ranmase oswa depoze pasaje rapid nan yon arè otobis, nan yon liy otobis oswa pandan ou pake akote yon lòt machin sou pakou yon otobis.
- Rantre nan liy otobis yo sèlman pou vire a dwat nan pwochen wout lan
- Respekte tout panno sikilasyon ki nan liy otobis yo, arè otobis yo, ak kote machin ka pake yo




## ACE mache byen

ACE fè otobis yo pi rapid pa 5% an mwayèn, e kèk pakou ka preske 30% pi rapid.

ACE mete plis sekirite sou wout yo akòz li fè gen 20% mwens kolizyon machin.

## Kijan ACE amelyore BX35 la



## Siveyans kamera sou BX35 la amelyore rapidite pa 20%.

Ansanm ak wout otobis ki sou 181 street la, otobis yo sikile 40% pi rapid kounye a ke anvan.



# Kesyon Moun Poze Souvan

## Èske mwen ka konteste yon kontravansyon?

Wi, ou gen dwa konteste yon kontravansyon si ou panse yo te bawou l pa erè. Swiv enstriksyon ki make sou tikè kontravansyon an pou mande yon odyans.

## Kisa k ap pase si mwen pa peye yon kontravansyon?

Kontravansyon ki pa peye ap lakòz frè anplis epi sa ka afekte kapasite w pou anrejistre machin ou.

## Èske se moun ki siveye kamera yo?

Wi, gen moun ki revize sistèm lan pou verifikasyon anvan yo emèt yon avi, e yon anplwaye vil la revize chak kontravansyon anvan yo emèt yo.

## Èske kontravansyon ki parèt nan kamera yo afekte dosye lisans kondwi mwen oswa asirans machin mwen?

Non, kontravansyon sa yo se penalite sivil epi yo pa afekte dosye lisans kondwi w la oswa pri asirans machin ou.



**Aprann plis:**  
[mta.info/ace](https://www.mta.info/ace)

